

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

4YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION
SCIENCE-GRADE 4
WRITTEN TEST

NIVO ELEMANTÈ EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

PRENTAN 2007

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy anwo yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Premye Pati a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou bay pou kesyon sa yo sou yon fèy repons separe. Sèvi ak kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

Dezyèm Pati a gen 12 kesyon ki mande pou w konpoze yon repons. Ekri repons ou bay pou Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Ou pral gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W VIRE L.

Copyright 2007

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

ESPLIKASYON

Premye Pati egzamen sa a gen 30 kesyon ladan l. Chak kesyon gen twa oswa kat repons ki vini apre l, repons yo make ak lèt A pou rive nan D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou w chwazi. Sou fèy repons separe a, make repons ou nan ranje ki gen ti wonn ki koresponn ak chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon nime-wo 2 pou make repons ou yo sou fèy repons lan.

Li egzanp kesyon **S-1** ki pi ba la a.

S-1 Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki genyen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanp **S-1** an. Gade kouman yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou kesyon ki nan egzantp **S-2** a. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki genyen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzantp **S-2** a.

S-2 Kilès nan bèt sa yo ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A** a. Sou fèy repons lan, ou te dwe nwasi ti wonn **A** a.

Reponn tout 30 kesyon yo nan Premye Pati egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou kapab pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlmen fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a. Reponn tout kesyon ki nan Dezyèm Pati a nan espas yo kite pou chak kesyon an.

Premye Pati I

1 Si yon objè atire yon leman sou li, objè a ta plis sanble fèt an

- A bwa
- B plastik
- C katon
- D metal

2 Ki fòm enèji ki lakòz yon blòk glas fonn?

- A mekanik
- B manyetik
- C son
- D chalè

3 Ki inite mezi yo ka itilize pou yo bay longè yon tab?

- A santimèt
- B gram
- C lit
- D degre Sèlsiyis


4 Ki fòs ki fè yon mab fè fon nan yon vè dlo?

- A gravite
- B fwotman
- C manyetis
- D elektrisite


5 Ki mouvman ki bay lajounen ak lannwit?

- A revolisyon Latè
- B revolisyon Lalin nan
- C wotasyon Latè
- D wotasyon Lalin nan


6 Ki tèmomèt ki montre yon tanperati 65°F ?




A



B



C



D


7 Ki enstriman yon elèv ta dwe sèvi pou mezire egzakteman 10 milimèt(mL) dlo?

- A yon silenn gradye
- B balans
- C règ
- D tèmomèt

8 Fèmte, gou, ak teksti yon objè se egzanzp

- A prensip yo
- B etap yo
- C pwopriyete yo
- D pwosesis yo


9 Dyagram anba a montre yon tifi sou yon chèz woulant k ap pran yon ranp pou li antre nan yon edifis.



Ranp l ap pran an se egzanzp ki machin senp?

- A pouli
- B levye
- C woulèt
- D plan encline

10 Dyagram anba a montre chanjman ki fèt nan sifas yon tè akòz yon rivyè kap koule nan yon kote nan sifas tè a pou plizyè lane.



Ki pwosesis ki lakòz chanjman yo montre yo?

- A kondansasyon
- B ewozyon
- C evaporasyon
- D wotasyon

Sèvi ak graf anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 11 ak 12 yo.

Dyagram nan montre de veso, *A* ak *B*. Veso *A* a genyen 150 mililit dlo. Veso *B* a vid.



Pran nòt kesyon 11 la genyen sèlman twa chwa.


11 Si yo vide tout dlo ki nan veso *A* a nan veso *B* a, kisa k ap pase volim dlo a?

- A L ap diminye.
- B L ap ogmante.
- C L ap rete menm jan li te ye a.

12 Si yo vide tout dlo ki nan veso *A* a nan veso *B* a, ki pwopriyete dlo a kap chanje?

- A mas
- B koulè
- C fòm
- D eta

Sèvi ak dyagram sik dlo anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 13 ak 14 yo.



13 Yo dekri presipitasyon tankou yon dlo k ap

- A kondanse pou li fòme yon nyaj
- B koule atè
- C evapore pou li tounen gaz
- D antre nan tè a

14 Kisa ki sous enèji pou sik dlo a?

- A lak
- B Solèy
- C nyaj
- D forè

- 15 Tablo enfòmasyon anba a montre tanperati lè ki pi wo yo anrejistre chak jou sòti Lendi pou rive Vandredi.


Tablo Enfòmasyon

Lajounen	Tanperati Lè (°F)
Lendi	57
Madi	52
Mèkredi	58
Jedi	71
Vandredi	75

Dapre tablo enfòmasyon an, ki deklarasyon ki kòrèk?

- A Tanperati lè a te monte byen wo regilyèman sòti Lendi pou rive Vandredi.
 - B Lendi ak Vandredi te jou ki pi cho yo.
 - C Tanperati lè a te monte epi desann.
 - D Tanperati lè a te pi wo Vandredi pase Lendi.
- 16 Pouse plim ki pi epè nan ivè ede kèk animal
- A kache pou danje
 - B atire yon patnè
 - C jwenn manje
 - D rete cho
- 17 Pye pòm kapab viv pandan anpil lane, men plantasyon pwa viv dabitid pandan kèk mwa sèlman. Deklarasyon sa a vle di
- A Chak plant genyen valè tan pa li pou li viv
 - B plant yo depann sou lòt plant
 - C plant fè anpil pitit
 - D chanjman nan sezon yo ede plant yo devlope

Sèvi ak dyagram anba a pou reponn kesyon 18 ak 19 yo. Dyagram nan montre kèk bagay ki vivan ak kèk lòt ki pa vivan nan yon akwaryòm.




18 Kisa yo montre nan dyagram nan ki se yon bagay ki vivan?

- A wòch
- B pwason
- C ponp pou lè
- D gravye

19 Apre plizyè semèn, yon elèv konstate nivo dlo nan akwaryòm nan bese. Ki pwosesis ki lakòz sa rive?

- A kondansasyon
- B ewozyon
- C evaporasyon
- D presipitasyon

20 Ki fonksyon prensipal pikan yo sou pye kaktis plen pikan yo montre nan dyagram anba a?



Sous: www.desertusa.com (adapte)

- A pwodwi manje
- B bay lonbraj
- C atire bèt
- D pwoteje plant la


21 Ki aktivite ki nesesè pou moun kapab rete an sante?

- A lekti
- B repo
- C kondwi
- D pale

22 Lè tanperati a desann soti nan 60°F pou rive nan 35°F, sa ta plis sanble li ka lakòz yon moun

- A tranble
- B swe
- C bat je li
- D santi li anvi dòmi

23 Dyagram anba a montre grenn yon pye erab.




Kijan grenn sa a sanble li ta plis gaye?

- A Van an ap pote li.
- B Li flote nan dlo k ap koule.
- C Li pase nan aparèy dijestif yon bèt.
- D Li kole nan plim yon bèt.

24 Kèk zwazo vole ale nan sid anvan ivè a chak lane. Sa a se yon ekzanp

- A migrasyon
- B ibènasyon
- C jèminasyon
- D evaporasyon


25 Dyagram anba a montre yon ti bebe jiraf ak paran li.



Kou long ti bebe jiraf la se

- A yon trè li aprann
- B yon trè li eritye
- C yon adaptasyon pa sezon
- D yon kondisyon anviwonmantal

26 Dyagram anba a montre etap yo nan devlopman yon plant.




Nan ki etap jèminasyon an te kòmanse?

- A *A*
- B *B*
- C *C*
- D *D*

27 Tout sa ki vivan depann de enèji ki soti nan

- A Solèy la
- B Lalin nan
- C tè
- D dlo

28 Dyagram anba a montre sik lavi yon vè yo jwenn nan farin. Etap yo nan sik lavi li make ak lèt W, X, Y, ak Z.



(Li pa desine sou yon echèl)

Ki etap yo montre nan Y?

- A granmoun
- B ze
- C lav
- D jèn

29 Ki adaptasyon ki souvan ede yon bèt atire yon patnè?

- A ibènasyon
- B kamouflaj
- C kolorasyon
- D migrasyon

30 Yon dekonpozè se yon òganis ki

- A pran lòt bèt pou pwa
- B manje plant sèlman
- C resikle eleman nitritif yo
- D sèvi ak limyè solèy pou pwodwi manje

ALE TOU DWAT NAN DEZYÈM PATI ⇒

Dezyèm Pati


Eksplikasyon (31–42): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

31 Yon elèv te ranpli yon gode ak dlo epi mete li devan yon fenèt nan yon jou ki genyen solèy. Li te mezire tanperati dlo a chak 30 minit pandan de zèd tan. Yo montre enfòmasyon li rasanble yo anba a.


Tablo Enfòmasyon

Lè	Tanperati Dlo
1:00 p.m.	10°C
1:30 p.m.	20°C
2:00 p.m.	26°C
2:30 p.m.	28°C
3:00 p.m.	30°C

Konplete graf ki fèt an baton anba a pou montre enfòmasyon elèv la. Yo montre baton pou 1:00 p.m. nan kòm yon egzanp. [2]



Sèvi ak dyagram flach anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 32 ak 33 yo.




32 Lè yo limen flach la, enèji elektrik chanje an ki lòt kalite enèji? [1]

_____ enèji

33 Eksplike **yon** rezon ki ka fè flach la **pa** limen. [1]

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 34 ak 35 yo. Dyagram nan montre wuit blòk. Chak make ak yon lèt, sòti nan A pou rive nan H. Blòk yo genyen fòm ak koulè diferan. Yo bay ak ki materyèl blòk la fèt anba chak blòk.



34 Yo kapab gwoupe blòk yo dapre fòm yo. De bwat anba yo ekri **Triyang yo** ak **Pa Triyang yo**. Gwoupe blòk yo pandan w ap ekri lèt ki sou chak blòk nan bwat li dwe ye a. [1]

Triyang yo

Pa Triyang yo


35 Idantifye pwopriyete yo itilize pou gwoupe blòk yo an de gwoup ki anba yo. [1]

Gwoup 1
A D F H

Gwoup 2
B C E G

Pwopriyete: _____

36 Yon elèv itilize yon balans pou li konpare mas yon zoranj, yon pòm, ak yon pwa. Li pran menm zoranj la pou li konpare mas li ak mas pwa a epi ak mas pòm nan. Yo montre rezilta yo nan dyagram anba a.




Nan espas anba yo, fè lis twa fwi yo sòti nan sa ki genyen **pi piti** mas la pou rive nan sa ki genyen **pi gwo** mas la. [1]

1	2	3
pi piti mas		pi gwo mas

37 Konplete tablo anba a pandan w ap idantifye eta chak sibstans. [1]

Sibstans	Eta Sibstans la
vapè dlo	
dlo	
mòso glas	


38 Dyagram anba a montre kat estrikti yon plant genyen.




Konplete tablo anba a pandan w ap idantifye estrikti plant ki fè chak fonksyon. Yo montre estrikti plant ki nan premye liy nan kòm yon egzanp. [2]

Fonksyon	Estrikti Plant
sipòte plant la	tij
rale dlo ak eleman nitritif yo	
pwodwi manje pou plant la	
pwodwi fwi ak grenn	

39 Dyagram anba yo montre yon chyen ak yon pwason.



Chyen



Pwason

Idantifye **de** estrikti kò pwason an genyen chyen an **pa** genyen. [2]

(1) _____

(2) _____

40 Anpil chwèt viv nan yon forè. Chak lane, yo koupe plis nan pyebwa nan forè yo. Dekri **yon** fason chanjman sa a nan anviwonman an kapab afekte chwèt sa yo. [1]

41 Eksplike poukisa kamouflaj ede yon bèt rete vivan nan anviwonman yon forè. [1]


42 Dyagram anba yo fè pati yon chèn alimentè. Mete yon nimewo sòti nan 1 pou rive nan 4 sou liy ki anba chak dyagram pou montre nan ki lòd enèji pase nan chèn alimentè sa a. [1]




Mayi



Elèv k ap bwè lèt



Solèy



Bèf

For Teacher Use Only
Part II Credit

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
31	2	
32	1	
33	1	
34	1	
35	1	
36	1	
37	1	
38	2	
39	2	
40	1	
41	1	
42	1	
Total	15	